

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan métode panalungtikan anu ngawengku wangenan operasional, sumber data, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

3.1 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan perlu dipedar masalah-masalah nu aya patalina jeung judul panalungtikan, di antarana baé:

- a. Adegan nya éta wangun anu disawang tina susunan katut babagianana;
- b. Kecap sipat jembar nya éta kecap sipat anu diwangun ku cara dirarangkén, dirajék, jeung ngantétkeun anu hasilna mangrupa kecap sipat rundayan, kecap sipat rajékan, jeung kecap sipat kantétan;
- c. Bahan pangajaran nya éta matéri atawa bahan anu ditepikeun dina pangajaran atawa kagiatan diajar ngajar ti guru ka murid.

Dumasar kana wangenan operasional di luhur anu dimaksud “Adegan Kecap Sipat Jembar dina Majalah *Manglé* pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP” nya éta hiji panalungtikan basa anu médar adegan kecap sipat jembar katut bahan pangajaran basa Sunda pikeun murid SMP anu aya dina majalah *Manglé* dumasar kana wangun, adegan, jeung harti.

3.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan téh nya éta majalah *Manglé* periode Juli dugi ka Désémber 2008. Majalah *Manglé* nu ukurana 28 cm x 20 cm sarta aya 74 kaca. Tina éta majalah ditangtukeun rubrik *Nyusur Galur Mapay Laratan*, *Sungkeman*, jeung *Tamu* lantaran panalungtikan ieu ngagunakeun sampel purposif. Satuluyna, tina éta rubrik dijarah sakabeh kecap sipat jembar minangka subyék penelitian.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta *corpus data* atawa kartu data. Cara ngumpulkeuna ku jalan nyalin jeung mindahkeun kecap sipat jembar anu kapanggih dina majalah *Manglé* anu dijadikeun sampel panalungtikan.

Eusi dina kartu data nya éta data kecap sipat jembar disusun sacara alfabét, sarta dina kartu datana dibéré nomer (angka) jeung kode. Satuluyna dieusian ku cutatan data anu eusina kode sumber data (nomer édisi *Manglé*), kaca, paragraf, jeung jajaran. Conto kartu data:

M 2198/6/2/14

Kalimah : memang katingalna tukang ojeg di dieu *waranian*

Kecap sipat jembar : *waranian*

Wangun kecap : kecap sipat rundayan

Adegan : KS + *-ar-* + *-an*

Harti : 'jama'

3.4 Langkah Ngumpulkeun Data

Aya sababaraha tahapan ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, di antarana :

1. Nangtukeun sumber data nu mangrupa média tinulis basa Sunda nya éta majalah *Manglé*;
2. Maca sagemblengna majalah *Manglé* édisi Juli dugi ka Désémber 2008;
3. Nangtukeun kecap naon waé nu rék ditalungtik;
4. Nyalin sakabéh data kecap sipat jembar nu kapanggih; jeung
5. Nganomeran jeung ngodeuan kartu data.

3.5 Langkah Ngolah Data

Sabada data kumpul, diasupkeun kana kartu data tuluy dilakukeun tahap ngolah data ngaliwatan sababaraha tahapan di antarana :

1. Mariksa deui data anu geus dikumpulkeun kalawan taliti;
2. Ngadaptarkeun jeung nganomeran data kecap nu geus dikodeuan sacara alfabétis;
3. Nganalisis adegan kecap sipat jembar;
4. Ngadéskripsikeun kecap sipat jembar dumasar kana wangun, adegan, jeung harti;
5. Nyieun bahan pangajaran anu luyu jeung papasingan kecap sipat jembar basa Sunda nu aya dina korpus data; jeung
6. Nyieun kacindekan tina data anu geus diolah.